



Byenvini nan Sistèm Birth to Three Connecticut la!

Nou kontan ke ou te fè premye pa sa a ki enpòtan anpil pou aprann plis sou devlopman timoun ou an. Atravè yon evalyasyon, ekip Birth to Three (Nesans Jiska Twa) ou a kapab reponn nenpòt kesyon ou genyen sou enkyetid ou yo epi, si ou kalifye, bay sipò a timoun ou an e fanmi w.

Yo te kreye Birth to Three anba yon lwa federal ki rele Individuals with Disabilities Education Act (IDEA, Lwa sou Edikasyon Moun Andikape) Part C (Pati C), pou garanti ke fanmi timoun pití ki gen reta nan devlopman yo benefisyé sipò. Patisipasyon nan Sistèm Birth to Three an toujou volontè epi ou kapab retire konsantman ou nenpòt kilè. Pou enfòmasyon sou Birth to Three ki gen ladann konsantman, konfidansyalite ak sistèm pèman yo, tanpri vizite sit entènèt nou an nan birth23.org.

Anvan ou menm ak timoun ou an patisipe nan pwosesis kalifikasyon an, men kèk bagay pou w konnen:

- Evalyasyon an pran apeprè youn a dezèdtan.
- N ap itilize lang ou pi alèz pou w pale a.
- Evalyasyon yo fèt kote timoun ou an santi li pi konfòtab pou li viv, aprann ak jwe, anjeneral lakay li, oswa nan gadri.
- Omwen yon paran dwe la pou evalyasyon an.
- Ekip Birth to Three ou an ap akonpanye ou nan evalyasyon an, etap pa etap. Y ap entèraji ak timoun ou an epi obsève li; poze ou kesyon sou pase ptit ou a ak tout enkyetid ou ka genyen; epi ede ou rappli tout dokiman yo. Sa gen ladann:
 - Konsantman pou evalye timoun ou an
 - Konsantman pou voye bòdwo a bay konpayi asirans sante w la pou evalyasyon an, san okenn kondisyon, san ko-peman, dediktib oswa depans pou w peye. Konsantman pou pataje enfòmasyon ak doktè timoun ou an - enpòtan pou kowòdone sipò ak swen pou sante ak devlopman timoun ou an.
- Ou se yon manm enpòtan nan ekip k ap evalye timoun ou an! Y ap mande ou pou w pataje enfòmasyon sou istwa timoun nan anvan li te fèt, istorik nesans, sante ak devlopman li.
- Sa ki pi enpòtan: ou se ekspòtatè ptit ou a. Enfòmasyon ou bay yo, sipòte ekip evalyasyon an nan aprann kiyès timoun ou an ye ak ki kote yo genyen fòs epi ki kote ta ka gen defi.
- Aprè evalyasyon an, ekip la ap revize rezulta tès estanda li te fè yo, enfòmasyon ou te bay sou istorik ak devlopman ptit ou a; epi nenpòt rapò ou te resevwa nan men pwofesyonèl swen sante pou l kapab rive nan yon desizyon konsènan kalifikasyon an. N ap revize rapò evalyasyon an ak ou nan lang matènèl ou epi li p ap considere kòm rapò final jiskaske ou ta gen chans pou li l epi asire w ke li kòrèkteman dokimante fòs timoun ou an, pwochen etap yo, ak detèminasyon kalifikasyon an.

Tout entèvansyon ki fèt bonè yo p ap koute ou yon goud. Toutfwa, eta a eseye rekipere frè asirans publik e prive yo ak pèmisyon w.

| Timoun mwen an Kalifye | Timoun mwen an PA Kalifye |
|---|--|
| <p>Yo ka jwenn timoun ou an kalifye akòz gwo reta nan devlopman nan youn nan de fason sa yo:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Timoun ou an gen yon pwoblèm medikal ki poze yon risk reta nan devlopman 2. Moun k ap evalye yo detèmine timoun ou an gen yon reta ki enpòtan nan youn oubyen plis nan domèn yo evalye yo (fizik, komunikasyon, kapasite pou ede tèt li, kapasite pou aprann, sosyal/emosyonèl). <p>Apre yo ta wè timoun ou an kalifye, ou pral:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Gen yon kowòdinatè sèvis ki ap responsab pou reyini moun, enfòmasyon ak resous ki enpòtan pou fanmi ou • Gide pa koòdonatè sèvis ou a nan devlope yon plan ki rele Individualized Family Service Plan (IFSP, Plan Sèvis Fanmi Endividyalize) pou ede w sipòte pitit ou a devlopman pandan aktivite chak jou. | <p>Si yo ta wè timoun ou an pa kalifye, ekip evalyasyon ou an pral:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Eksplike rezulta evalyasyon yo • Eksplike ke yo ka mande yon lòt evalyasyon Birth to Three yon mwa apre evalyasyon aktyèl la. • Eksplike dwa w pou w pa dakò ak rezulta evalyasyon an epi pwochen etap ki posib yo. • Mete w an kontak ak lòt pwogram pou favorize devlopman timoun ou an ki gen ladann: <ul style="list-style-type: none"> - Help Me Grow (Ede m Grandi) - Sparkler (Bouji) |
| | |

Ou gen dwa! IDEA ba ou kèk dwa ki kòmanse imedyatman apre premye kontak ou ak Birth to Three. W ap resevwa yon kopi dwa sa yo anvan evalyasyon ou an.

Birth to Three gen kontra ak 20 òganizasyon diferan pou fè evalyasyon an epi bay tout sèvis yo. Si w ta gen kesyon, tanpri kontakte founisè ou a dirèkteman. Ou kapab jwenn lis founisè yo sou birth23.org "Our Programs" oswa rele Birth to Three nan 860-500-4400.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou sistèm Birth to Three a ak pou revize dwa w, tanpri ale sou sit entènèt nou an www.birth23.org oswa eskane kòd QR ki anba a ak aparèy mobil ou a.

Birth23.org



Dwa Paran yo



Nou kontan sipòte w nan satisfè bezwen endividyaliz timoun ou an ak fanmi w.